



## THE HEMLOCK & THE MULBERRY

191 INITE APATMAN KI FÈK BATI nan 1000 FOX STREET ak 960 SIMPSON STREET, LONGWOOD, BRONX

**Ekipman:** Depo pou bisiklèt, Sal kominotè, Lesiv, Sal jimnastik\*, Pakin\* (\*ou gen pou peye frè anplis)

**Tranzit:** Otobis: Bx6 Bx19 Tren: 2,5,6,

**Pa gen frè aplikasyon • Pa gen frè koutye • Bilding san lafimen • Plis Enfòmasyon:**  
[www.hemlockmulberry.com](http://www.hemlockmulberry.com)

Y ap konstwi bilding sa a pa mwayen pwogram Lojman Revni Miks nan Sosyete Devlopman Lojman Vil New York (New York City Housing Development Corporation) ak Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York (New York City Department of Housing Preservation and Development).

### Kimoun ki Ta Dwe Aplike?

Moun oswa fanmi ki satisfè kondisyon revni oswa kondisyon kantite moun ki nan kay ki endike nan tablo anba la a ka aplike. Moun ki aplike ki kalifye ap gen obligasyon pou satisfè kritè seleksyon yo. Moun ki aplike k ap viv nan Vil New York ap resevwa yon preferans jeneral pou apatman yo.

Yon pousantaj inite ki rezève pou:

- moun ki aplike ki gen pwoblèm mobilite (5%)
  - moun ki aplike ki gen pwoblèm pou wè oswa pou tande (2%)
- Gen preferans pou yon pousantaj nan inite apatman yo pou:
- Rezidan **Konsèy Kominotè Bronx 2** (50%)
  - Anplwaye minisipal (5%)

## INITE KI DISPONIB YO AK KONDISYON DAPRE REVNI

Gwosè inite apatman	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 40% REVNI MWAYEN ZÒN NAN (AMI)	Lwaye pa mwa <sup>1</sup>	Inite Apatman Disponib	Kantite moun nan kay la <sup>2</sup>	Revni ki antre lakay la chak ane <sup>3</sup> Minimòm – Maksimòm <sup>4</sup>	INITE APATMAN POU REVNI KI NAN 100% REVNI MWAYEN ZÒN NAN (AMI)	Lwaye pa mwa <sup>1</sup>	Inite Apatman Disponib	Kantite moun nan kay la <sup>2</sup>	Revni ki antre lakay la chak ane <sup>3</sup> Minimòm – Maksimòm <sup>4</sup>
Stidyo		\$548	6	→	1 moun \$20,675 - \$29,240		\$1,049	7	→	1 moun \$37,852 - \$73,100
1 chanm-a-kouche		\$589	52	→	1 moun \$22,149 - \$29,240 2 moun \$22,149 - \$33,400		\$1,320	55	→	1 moun \$47,212 - \$73,100 2 moun \$47,212 - \$83,500
2 chanm-a-kouche		\$713	20	→	2 moun \$26,435 - \$33,400 3 moun \$26,435 - \$37,560 4 moun \$26,435 - \$41,720		\$1,591	21	→	2 moun \$56,538 - \$83,500 3 moun \$56,538 - \$93,900 4 moun \$56,538 - \$104,300
3 chanm-a-kouche		\$817	14	→	3 moun \$30,549 - \$37,560 4 moun \$30,549 - \$41,720 5 moun \$30,549 - \$45,080 6 moun \$30,549 - \$48,400		\$1,831	16	→	3 moun \$65,315 - \$93,900 4 moun \$65,315 - \$104,300 5 moun \$65,315 - \$112,700 6 moun \$65,315 - \$121,000

<sup>1</sup> Pri lwaye a gen gaz pou kwit manje ladan.

<sup>2</sup> Kantite moun ki nan fanmi an gen ladan tout moun k ap viv avèk ou, tankou paran ak timoun. Sa depannde kritè okipasyon an.

<sup>3</sup> Salè moun nan kay la gen ladan salè, salè pa èdtan, poubwa, Sekirite Sosyal, sipò timoun, ak lòt revni. Gid revni an ka chanje.

<sup>4</sup> Revni minimòm ki endike a ka pa aplike pou aplikan ki gen Seksyon 8 oswa lòt sibvansyon lwaye admisib. Limit resous ka aplike tou.

### Kijan pou Ou Aplike?

Aplike sou Entènèt oswa pa lapòs. Pou aplike sou entènèt, tanpri ale sou sitwèb: [nyc.gov/housingconnect](http://nyc.gov/housingconnect). Pou mande yon aplikasyon **pa lapòs, voye yon anvlòp ki tou gen adrès pou voye li tounen an nan:** PRC Fox Street LLC, P.O. Box 1591, Bronx NY 10459. Voyer yon sèl aplikasyon pou chak devlopman. Pa soumèt doub aplikasyon. Pa aplike sou entènèt epi voye yon aplikasyon nan papye tou. Moun ki aplike epi ki soumèt plis pase yon sèl aplikasyon ka diskalifye.

### Kisa Dat Limit lan ye?

Aplikasyon yo dwe gen dat so lapòs oswa soumèt sou entènèt pa pita pase out 27<sup>th</sup>, 2018. Nou p ap konsidere aplikasyon ki anreta yo.

### Kisa K ap Pase Apre Ou Soumèt yon Aplikasyon?

Apre dat limit lan pase, n ap chwazi aplikasyon yo pou revizyon dapre yon pwosesis tiraj-osò. Si nou chwazi aplikasyon ou epi si ou sanble kalifye, n ap envite ou nan yon entèvyou pou nou kontinye pwosesis pou detèmine si ou kalifye. Anjeneral, nou pwograme entèvyou yo ant 2 ak 10 mwa apre dat limit aplikasyon an. N ap mande ou pou pote dokiman ki verifiye kantite moun k ap viv lakay ou, idantite moun k ap viv lakay ou, ak revni moun lakay ou.

Majistra Bill de Blasio • Manm Komisyon HPD Maria Torres-Springer • Prezidan HDC Eric Enderlin

